

CREDENTIAL REPLACEMENT/RANPLASMAN LISANS

Fòm sa a, ak plis enfòmasyon, disponib nan: www.nyc.gov/tlc

Ou dwe itilize fòm sa a pou mande lisans ranplasman. Ou ka mande lisans ranplasman si lisans anvan an pèdi oswa andomaje, mande mizajou yon foto, oswa apre yon chanjman nan non moun ki gen lisans lan. Tanpri egzamine lis verifikasyon **Ranplasman Lisans** lan anvan w soumèt fòm sa a. Ou kapab soumèt aplikasyon sa a sèlman lè w pran yon randevou sou sitwèb TLC a.

<input type="checkbox"/> Photo Update/Mizajou Foto	Mete foto Lisans Chofè TLC a ajou. Pou chofè ki pa gen lisans Eta New York yo sèlman; chofè ki gen lisans Eta NY yo dwe itilize fòm Eta NY ki disponib sou sitwèb TLC a. Yo pral ba w lisans TLC ranplasman an nan biwo ki nan Long Island City; epi ou dwe remèt lisans TLC ki nan men w lan. Gen yon frè vennsenk dola (\$25.00) pou fè mizajou foto lisans lan.		
Nimewo Lisans Chofè TLC	Ekri Non an ak Lèt Detache	Siyati	Dat (mm/dd/yyyy)

<input type="checkbox"/> Replacement/Ranplasman	Mande pou ranplase lisans ki te pèdi, yo te vòlè, ki te andomaje oswa defòme, yo te sezi, oswa ou pa t janm resevwa nan kourye lapòs (<i>aplike pou Lisans Chofè TLC a sèlman</i>). Gen yon frè vennsenk dola (\$25.00) pou ranplase lisans lan.		
<input type="checkbox"/> Pèdi <input type="checkbox"/> Yo Vòlè li <input type="checkbox"/> Li Andomaje / Defòme <input type="checkbox"/> Yo Sezi li <input type="checkbox"/> Ranplasman Viyèt <input type="checkbox"/> Li Pèdi nan Kourye Lapòs (<i>lisans chofè sèlman</i>)	<input type="checkbox"/> Nimewo Lisans Chofè TLC.	<input type="checkbox"/> Kat Tarif SHL	
	<input type="checkbox"/> Viyèt FHV (<i>Antre Nimewo lisans chofè FHV</i>)	<input type="checkbox"/> Eten Medayon	
	<input type="checkbox"/> Nimewo Pèmi SHL (<i>san frè</i>)	<input type="checkbox"/> Kat Tarif Medayon (<i>san frè</i>)	
Ekri Non an ak Lèt Detache	Siyati		Dat (mm/dd/yyyy)

<input type="checkbox"/> Name Change/Chanjman Non	Ou dwe mete Lisans Chofè TLC w la ak/oswa Lisans Machin Taksi (FHV) w la ajou apre w fin fè yon chanjman legal nan non ou. Ou dwe soumèt prèv pou chanjman legal non an. Gen yon frè vennsenk dola (\$25.00) pou ranplase lisans lan apre yon chanjman non.		
<input type="checkbox"/> Lisans Chofè TLC	<input type="checkbox"/> Lisans FHV (Viyèt, Otokolan Ble, Lozanj)	<input type="checkbox"/> Lisans Chofè Eta a bay (<i>obligatwa</i>) <input type="checkbox"/> Pètasyon pou Chanjman Non <input type="checkbox"/> Ak Maryaj <input type="checkbox"/> Papyè Divòs <input type="checkbox"/> Sètifika Natiralizasyon <input type="checkbox"/> Paspò ki gen nouvo non an <input type="checkbox"/> Kat Rezidan Pèmanan I-551 <input type="checkbox"/> Kat Otorizasyon pou Travay Ozetazini <input type="checkbox"/> Kat Sekirite Sosyal (<i>Si nimewo a te chanje</i>)	
Mwen konprann lè mwen soumèt yon chanjman non, mwen dwe remèt ansyen lisans chofè TLC mwen an. Mwen te chanje non mwen legalman soti nan :			
X		<i>Ekri ansyen non w lan ak lèt detache egzakteman jan li parèt sou dokiman w yo / kat idantite w la.</i>	
X		<i>Ekri "NOUVO" non w lan ak lèt detache egzakteman jan li parèt sou dokiman w yo / kat idantite w la.</i>	
Ekri Non an ak Lèt Detache (nouvo non an)	Siyati (nouvo non an)		Dat (mm/dd/yyyy)

INTERNAL USE ONLY

Processed by:	Dat (mm/dd/yyyy)
----------------------	-------------------------

Enstriksyon: Tanpri pran san w pou li lis verifikasyon Egzijans Lisans ki anba a anvan w soumèt aplikasyon w lan. Ou **dwe** pran yon randevou sou sitwèb TLC a pou soumèt dokiman sa a nan biwo ki nan Long Island City a.

Ou **dwe** fè *Manda Postal* yo pou yo peye yo nan non “NYC Taxi and Limousine Commission” oswa “NYC TLC.”

Metè Foto sou yon Lisans Chofè TLC Ajou:

Li aplikab pou chofè ki pa gen lisans Eta New York yo sèlman; chofè ki gen lisans Eta New York yo itilize fòm pou chofè ki gen lisans NY la sou sitwèb TLC a. Pou mete yon foto Lisans Chofè TLC ajou, ou dwe ale nan biwo TLC ki nan Long Island City a. Y ap fè yon nouvo foto, epi y ap ba w nouvo lisans lan nan biwo a. Yo pral mande w pou remèt ansyen Lisans Chofè TLC w la. Sa ki anba yo obligatwa:

- Yon fòm demann Ranplasman Lisans ki ranpli.
- Kopi Lisans Chofè TLC ou gen nan men w lan.
- Vennsenk dola (**\$25.00**), pou peye ak *Kat Debi / Kredi*, oswa *Manda Postal*; yo pa aksepte lajan kach.

Ranplasman Lisans Chofè TLC:

Si yon Lisans Chofè TLC te pèdi, yo te vòlè li, li te andomaje / defòme oswa yo te sezi li, ou **dwe** ranplase li. Yo pral ba w yon nouvo Lisans Chofè TLC depi w soumèt yon fòm demann Ranplasman Lisans nan biwo TLC ki nan Long Island City a. Sa ki anba yo obligatwa:

- Yon fòm demann Ranplasman Lisans ki ranpli.
- Yon kopi **pyès idantite ki gen foto / Lisans Chofè** moun ki gen lisans lan gouvènman an. Chofè ki deyò eta yo **dwe** bay tou yon ekstrè DMV ki gen dat nan espas 30 jou apre demann ranplasman lisans TLC a.
- Remak:* Si w ap bay yon Lisans Chofè Pwovizwa DMV Eta New York, ou dwe bay yon lòt Pyès Idantite ki gen Foto.
- Vennsenk dola (**\$25.00**), pou peye ak *Kat Debi / Kredi*, oswa *Manda Postal*; yo pa aksepte lajan kach.

Tanpri Sonje: Ranplasman yon lisans Chofè TLC yo pa t resevwa / ki petèt “*te pèdi* nan kourye lapòs” pral fèt gratis, si:

- Omwen dis (10) jou pase **apre** dat TLC te voye lisans lan nan kourye lapòs, **epi**
- Maksimòm swasant (60) jou pase apre dat TLC te voye lisans lan nan kourye lapòs.

Ranplasman Viyèt Machin Taksi (FHV):

Si yo pa ka li yon viyèt TLC, oswa yo retire li epi mo “**vid**” la afiche; ou **dwe** mande yon ranplasman viyèt. Si w ranplase yon vit ki afiche yon viyèt, ou **dwe** mande yon viyèt ranplasman tou. Sa ki anba yo obligatwa:

- Yon fòm demann Ranplasman Lisans ki ranpli.
- Yon kopi **pyès idantite / Lisans Chofè** Mèt Machin lan gouvènman an bay.
- Si w ap itilize yon reprezantan, bay yon fòm “*Pwokirasyon*” TLC ki ranpli epi ki notarye; **ak** yon kopi pyès idantite reprezantan an ki gen foto gouvènman an bay.
- Vennsenk dola (**\$25.00**), pou peye ak *Kat Debi / Kredi*, oswa *Manda Postal*; yo pa aksepte lajan kach.

Pèmi ak Kat Tarif SHL / Kat Tarif ak Eten Medayon:

- Yon fòm demann Ranplasman Lisans ki ranpli.
- Yon kopi **pyès idantite ki gen foto / Lisans Chofè** Pwopriyetè a gouvènman an bay.
- Si w ap itilize yon reprezantan, bay yon fòm “*Pwokirasyon*” TLC ki ranpli epi ki notarye; **ak** yon kopi pyès idantite reprezantan an ki gen foto gouvènman an bay.
- Kat Tarif Medayon Orijinal (*ranplasman Eten Medayon*).
- Si sa aplikab, vennsenk dola (**\$25.00**), gade frè ki anba a, pou peye ak *Kat Debi / Kredi*, oswa *Manda Postal*; yo pa aksepte lajan kach.
 - Pèmi pou Taksi ki Pran Moun nan Lari (SHL) -- **San frè**
 - Kat Tarif pou Taksi ki Pran Moun nan Lari (SHL) -- **\$25.00 dola**
 - Kat Tarif Medayon -- **San frè**
 - Eten Medayon -- **\$25.00 dola**

Chanjman Non sou yon Lisans Chofè TLC ak / oswa Lisans Machin Taksi (FHV):

Apre w fin chanje non w legalman, ou **dwe** mete lisans TLC w la ajou (Lisans Chofè ak Lisans Machin lan(yo), si sa aplikab) nan biwo TLC ki nan Long Island City a. Yo pral ba w nouvo lisans lan nan biwo LIC a. Sa ki anba yo obligatwa:

- Yon fòm demann Ranplasman Lisans ki ranpli.
- Lisans Chofè** Eta a bay ki montre “nouvo” non an **ak** youn (1) **nan** sa ki vini annapre yo (nan **nouvo** non an):
 - Petisyon pou Chanjman Non;
 - Ak Maryaj;
 - Papyè divòs;
 - Sètifika Natiralizasyon;
 - Paspò ki gen “nouvo non” an;
 - Kat Rezidan Pèmanan I-551;
 - Kat Otorizasyon pou Travay Ozetazini.

Chanjman non sou Lisans Machin Taksi a mande tou:

- Anrejistreman machin lan ki gen nouvo non an, **ak**
- Asirans FHV ki gen nouvo non an.
- Vennsenk dola (**\$25.00**), pou peye ak *Kat Debi / Kredi*, oswa *Manda Postal*; yo pa aksepte lajan kach.